



Rapò Konsèy la
3 me 2024



MIZAJOU KOMISYON AN

Yon dokiman biwo Doktè Alexandra Estrella, Direktris
3 me 2024

EKSELANS, EKITE AK ENKLIZYON

Tès ak Responsablite

Yo te pataje rezilta Sondaj Panorama an ansanm ak lidè lekòl yo. Gwoup entèvenan yo gen ladan yo elèv nan laj 3yèm rive 12yèm ane, pwofesè, anplwaye lekòl yo ansanm ak fanmi yo. Sijè elèv yo pral pale sou yo se sijè tankou pèsèpsyon kapasite ak konpetans, epi pèsèpsyon klima ak kilti anndan lekòl la. Sijè sou pwofesè ak elèv yo pral konsantre sou sipò ak anviwònman. Sijè sou fanmi yo pral ankete sou relasyon ant fanmi yo ak lekòl la. Yo mezire sijè yo gras ak pousantaj repons ki pi favorab yo. Konpare ak rezilta 2023 yo, pousantaj elèv pou ane 2024 la ki te reponn yon fason favorab te ogmante pou ni regilasyon emosyonèl ni yon ideyoloji kwasans. Santiman elèv yo gen konsènan apatnans yo ak lekòl la te vin pi plis nan tout klas yo, kit se nan elemantè, lekòl entèmedyè ak lekòl segondè. Pèsèpsyon relasyon ant anplwaye yo epi lidè lekòl yo te ogmante yon fason pozitif nan tout distri a. Tout sijè yo pale sou yo nan sondaj fanmi yo montre yon ogmantasyon pozitif konpare ak rezilta 2023 yo. Nou pral pataje yon prezantasyon ki pi apwofondi ansanm ak kominote a pandan Atelye Konsèy la ap fè nan jou 7 Me a kote nou pral gen prezidan adjwen Konsèy Gouvènans lekòl nou yo patisipe.

Egzamen leta yo pou elèv nan klas 3yèm rive 8yèm ane yo ap kòmanse nan dat 7 me. Sa gen ladan l yon ELA ekilibre, matematik a Syans Dènye Jenerasyon (pou klas 5yèm ak 8yèm ane sèlman). Pou asire tès yo aksesib pou tout elèv yo, biwo egzamen an ap travay ansanm ak Depatman Aprantisaj Espesyalize a epi ansanm ak Depatman MLL lan pou verifye sipò ak aranjanman pou egzamen eta yo apwouve yo.

Evalyasyon Kalite Lekòl la (SQR)

Evalyasyon Kalite Final pou Lekòl nan ane eskolè 2023-2024 la te fèt semèn dèbye nan Nathan Hale Middle School. Nan jou jedi 2 me 2024 la, senk lekòl ki gen yon SQR anvan mwa janvyè 2025 yo te patisipe nan jounen fòmasyon Enstiti Evalyasyon Kalite Lekòl la. Direktè a ansanm ak kat manm ekip pou pi plis pral angaje yo nan fòmasyon pratik ak entèaktif nan lide pou transmèt enfòmasyon an bay rès pèsonèl yo. Fòmasyon Enstiti SQR la ofri yo konsantre sou Ribrik SQR lan, Manyèl la, epi sou fason pou idantifye pratik ak enpak eskolè yo pou demontre kijan 10 endikatè Ribrik SQR yo valid.

Rechèch ak Analiz



Devlopman Pòtrè Gradyasyon an kontinye rete yon gran pwen nou konsantre sou li nan kad travay ekip nou an. Te gen yon reyinyon ki fèt ansanm ak yon òganizasyon ki santre l sou ede distri yo

aplike pwogram Pòtrè Gradyasyon an ki pote non Digital Promise. Òganizasyon an pral travay ansanm ak ekip Rechèch ak Estatistik ak Kourikoulòm yo pou ede ekspri kijan pòtrè yon gradye kapab entegre epi fonksyone nan kad pwogram eskolè a (kourikoulòm nan) selon matyè ak kla elèv yo. Ekip yo pral rankontre plizyè fwa pandan mwa k ap vini an pou yo deside sou ki etap y ap tanmen apre sa epi sou kijan travay la ap kapab vin entegre nan sesyon redaksyon pwogram eskolè sezon ete a. Te gen yon lòt reyinyon anplis ki te fèt ansanm ak Defined Learning (Aprantisaj Defini) pou fè yon evalyasyon travay ki gen pou wè ak kreyasyon yon baz pèmanan ak ribrik pou youn nan konpetans yo, sa ki pote non "Panse Kritik" la. Travay sa ap entegre nan pwogram Gifted and Talented (Elèv ki Dwe epi ki Gen Talan) pandan ane eskolè 2024-2025 la.

Yo te bay fòmasyon pou Amelyorasyon Pwofesè yo nan Lekti ak Ekriti pandan y ap itilize Otus, ki li menm se yon depo done ak yon platfòm evalyasyon komen yo te mete sou pye pandan ane eskolè 2022-2023 a. Fòmasyon an te santr sou kijan pou aksede ak Pwofil Elèv la, ki li emnm ofri edikatè yo aksè pou yo jwenn done istorik elèv yo nan yon fòm ki fasil pou yo li. Fòmasyon an te genyen ladan l tou demostrasyon sou kijan pou egzekite rekèt pou done evlayasyon nan lide pou detèmine ki elèv ki te antre oswa soti nan Entèvasyon Rechèch Syantifik yo selon pèfòmans yo nan kèk kalite egzamen tankou NWEA ak DIBELS.



Ekip la te patisipe nan Reyinyon Prentan pou Pwojè sou Done Estratejik Boston an. Sou yon peryòd tan twa jou, ekip la te aprann nan men ekspè yo ki t ap fè gwo travay inovasyon nan kesyon done pou lekòl ki gen klas 1ye rive 12yèm ane yo nan tout peyi a. Youn nan Manm Pwojè sou Done Estratejik la ki t ap travay nan Norwalk te prezante rezilta pwojè referans lan: Kreyasyon Tablodò pou Done ansanm ak lidè lekòl elemantè ak lekòl entèmedyè NPS (Norwalk Public Schools) yo.

Kominikasyon

Lyen Rapid

- [Ekip Chana an Genyen nan Konkou Kizin STEAM Day la](#)
- [Kiera Cunniffe se Benefisyè Bous Etid Kevin M. Eidt Memorial la](#)

Why I Teach



Yon jou oswa yon semèn nan mwa me a, sa jis pa ase! Poutèt nou gen anpil bon grenn pwofesè nan Norwalk Public Schools, nou vin pa kapab montre yo apresyasyon nou pandan ti kras tan nou te genyen an.

Nou kontan kontinye ak kanpay Why I Teach la (Poukisa Mwen Ap Anseye), yon seri videyo ki prezante elèv NPS ki te chwazi edikatè ki te plis motive yo poze kesyon sa a: “Poukisa Ou Ap Anseye?” ansanm ak lòt kesyon sou pwofesyon yo kòm edikatè ki plen ak fyète. Nou kontan anpil pou n prezante tout moun edikatè san parèy nou yo atravè entèvyou elèv sa yo ap fè yo!

- [Kendall College and Career Academy - Jessie Joseph ak Madam Angelidis](#)
- [Jefferson Marine Science Elementary School - Sushen Chen ak Madam Preston](#)

Don pou Pwogram Next Steps la



Lekòl Piblik Norwalk yo (NPS) pwofite remèsye fanmi Jolie Lubin ak Samantha Birchard pou don yo te fè pou Pwogram Tranzisyon Norwalk Next Steps 18-22 a nan memwa pitit fi yo ki te mouri nan yon fason ki trajik nan yon gwo aksidan machin nan mwa fevriye 2024.

Fanmi an te deside fè yon don ak yon pati nan lajan yo te jwenn atravè maraton GoFundMe yo te fè nan memwa Jolie ak Samantha yo. Samantha te planifye pou l al fè yon karyè nan domèn edikasyon espesyal, epi li menm ansanm ak Jolie te gen lyen ak elèv ki nan pwogram Next Steps la. Samantha ansanm ak Jolie se de tifi yo te konnen ki konn bay pi bèl akolad nan Pwogram Next Steps la.

Klike la a pou w kapab li plis epi aprann kijan ou ka fè don nan fon komemorasyon an.

Say Yes to a Dress

Sant Familyal NPS la pral òganize premye aktivite "Say Yes to a Dress" (Di wi Pou Yon Abiman Bal Fen Ane) pou elèv dènve ane lekòl segondè yo nan lide pou yo jwenn yon bèl wòb pou yo mete nan bal la. Pran plezi nan mizik ak rafrechisman pandan y ap chwazi wòb yo pi renmen an, tout sa GRATIS TI CHERI!

Tout sa elèv yo gen bezwen fè se enskri alavans nan aktivite a. Tanpri pataje lyen sa a: https://docs.google.com/forms/d/e/1FAIpQLScDpJNU7jLtDA9fmgsZmlpQlrEZ_Xqv-x5krtKON3tZJRduQ/viewform

Wè dat ak lè yo pi ba a:

Jedi 9 me, sòti nan 3 zè rive 6 zè nan apremidi

Jedi 10 me, sòti nan 3 zè rive 6 zè nan apremidi

Jedi 9 me, sòti nan 9 è nan maten rive 1 è nan apremidi

First Book - Pase Flanbo Lekti an

Nan kad menm tèm seremoni First Book (Premye Liv) 2024 la ki se "Pase Flanbo Lekti an," nou t ap mande zanmi nou yo toupatou nan kominote Norwalk la pou yo fè tout moun konnen kiyès ki te pase flanbo lekti a ba yo epi pou yo di ki rezon ki fè lakti enpòtan anpil pou yo antanke yon konpetans.

[Epizòd 1](#)

[Epizòd 2](#)

Norwalk Earth Day Festival



Nou te pase yon bèl jounen nan Earth Day Festival on the Green (Festival Jou Latè) Norwalk la, semèn pase a. N ap di yon gwo tonton mèsè ak tout moun ki te fè yon pase nan emisyon NPS la pou wè gwo zèv atistik elèv nou yo te kreye gras ak materyèl resikle epi pou wè senbòl ki siyifi senk eleman n ap selebre yo.

Nou te kontan tou pou n pataje mak paj ki tou vin ak desen Harper yo, yon elèv premye ane nan Cranbury epi ak desen Nafisa yo ki li menm se yon elèv senkyèm ane nan Jefferson. Nou te voye kèk vizitè ale laky yo tou ak semans epi plant gras ak zanmi nou genyen nan Ponus Ridge STEAM Academy yo.

Epi, yon fwa ankò, Blender Bike, ki t ap prepare yon bon ji fwi blennde, te fè gwo siksè!

Ekselans nan Edikasyon



Annavans seremoni Excellence in Education (Ekselans nan Edikasyon) 2024 la ki se yon seremoni Norwalk Education Foundation òganize, n ap mete aksan sou kèk nan benefisyè ki genyen ane sa a. Elèv ki te onore yo te jwenn nominasyon gras ak kòlèg nan menm edifis ak yo epi se Konsèy Gouvènans Lekòl yo ki seleksyone yo. Gade plis sou paj Facebook ak Instagram nou yo.

Sizoka Ou Pa Te La

Klèb Lekti Direktè a - "Stopping by Woods on a Snowy Evening" (VIDEYO)



Dat Enpòtan

Lendi, 13 me - Devlopman Pwofesyonèl Anplwaye (Klas yo ap Sispann 2 Èdtan Anvan lè)

Lendi 27 me - Memorial Day (Pa gen lekòl, Biwo Santral lan ap fèmen)

Pwochen Evènman yo

NHS ap Prezante "The Drowsy Chaperone"

Vandredi 3 me, a 7 è nan aswè ak samdi 4 me a 2 nan apremidi epi 7 nan aswè.

Lekòl Segondè Norwalk, 23 Calvin Murphy Dr. nan Norwalk

Depatman Espektak Lekòl Segondè Norwalk la envite w nan "The Drowsy Chaperone," "yon komedi mizik."

Istwa a konsène yon moun ki renmen mizik ki pa sosyal nan teyat, li pa gen anpil laj, e li tris anpil, konsa li decide jwe pou piblik la yon moso nan mizik li pi renmen, yon prezantasyon ki la depi 1928 ki rele The Drowsy Chaperone. Pandan mizik la ap jwe, espektak la - yon reprezantasyon komedi mizik Ameriken nan ane 1920 yo - parèt vivan sou sèn nan, pandan tan sa mesye a ap kòmante mizik la ak yon vwa k ap pase nan rizib istwa a ak aktè yo.

Pwodiksyon NHS la se Charles McAfee ki dirije l epi direksyon vokal la se Steven Oliveri, koregrafi a se Maria Cherniske, epi direksyon òkès ak pwodiksyon an se Chris Rivera.

Tikè yo se 15\$ pou elèv ak moun aje, epi 18\$ pou granmoun. [Klike la a pou achte tikè.](#)

**3yèm Pwogram Anyèl NorWALK pou Sante Mantal: Mache + Ekspozisyon sou Byennèt
Samdi 4 me soti 9 a.m. pou rive 12 p.m. (dat pou sizoka gen lapli: 11 me)
Norwalk Green, 8 Park St. nan Norwalk**

Twazyèm pwogram anyèl NorWALK pou Sante Mantal la pral prezante 8 Dimensions Wellness Fair la (Fwa Byennèt 8 Dimansyon an) ak mizik, atizay ak lòt aktivite amizan ansanm ak resous

sante ak edikasyon. Vini a 10:30 a.m. pou tande oratè kominotè epi pou eseye Laughter Yoga. Pwomnad Konsyantizasyon an, k ap fèt sou chèz woulant, ap kòmanse a 11:15 a.m.

Gen kèk elèv nou yo ki pral pale nan pwogram nan, kidonk tanpri vin sipòte yo!

First Book 2024

Samdi 18 Me soti 11 zè nan maten pou rive 3 zè nan apremidi

Brien McMahon High School, 300 Highland Ave. in Norwalk

An nou ale ankò! Reading Opens the World, yon inisyativ Premye Liv, ap retounen samdi 18 me depi 11 am jiska 3 pm nan Brien McMahon High School. Vini epi chwazi pami plis pase 50,000 liv GRATIS!

[Klike la a pou w aprann plis konsènan aktivite a epi sou kijan pou w vin yon volontè.](#)

Fwa Divèsite ak Karyè epi Sèvis nan Norwalk Public Schools

Jedi 6 jen, sòti 3 zè rive 6 zè nan apremidi

Brien McMahon High School, 300 Highland Ave. in Norwalk

Norwalk Public Schools se distri eskolè #1 nan konte Fairfield la sou dosye Divèsite a epi nou ap anboche!

Si ou enterese pou nw fè pati yon ekip ki ap fè gwo efò pou selebre anpil kilti ak orijin, ebyen Norwalk Public Schools se pi bon kote pou ou fè sa a. NPS ap anboche moun nan tout zòn ki konpoze distri nou an. Nan fwa sou karyè a, kandida pou anplwa yo kapab vin rankontre kèk nan anplwaye administratif nou yo epi aprann plis konsènan kèk nan sèvis Vil Norwalk gen pou li ofri yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, voye yon imèl bay jamesk@norwalkps.org Pou w enskri alavans nan aktivite a, itilize lyen sa a:

https://docs.google.com/forms/d/e/1FAIpQLSfmoL8Vj3sA38DvUvyleYhZQmXcui2JwvqlyeQt_Ad48rKlzw/viewform

PWOGRAM, ENSTRIKSYON AK APRANTISAJ ESPESYALIZE

Depatman Syans Imen an te fini ak seri aprantisaj pwofesyonèl pou pwofesè syans sosyal nan klas lekòl entèmedyè yo sou nouvo estanda ak atant ki genyen pou pwochen ane a selon sa eta a mande yo. Epi tou, nou te kreye yon eksperyans ankèt lakay elèv 7yèm ane yo sou kesyon sa a: Èske li janm twò ta pou sonje? Elèv yo pral angaje yo nan plizyè resous pandan y ap eksplòre bezwen pou yo sonje evennman istorik yo. Gen travay nou genyen ki kòmanse tou sou yon nouvo inite pou ELA nan lekòl entèmedyè ki pral baze sou fiksyon istorik epi ki pral aliyen ak youn nan sijè ki nan syans sosyal yo. Pwochen edisyon Curriculum Corner lan ap fèt tou epi nou prevwa pou l disponib nan dat 6 me. Nan dat 30 avril, nou te fini konkou pwezi a. Ekip lan pral rankontre epi l pral deside ki moun ki chanpyon konkou a.

Matematik/STEM

Depatman STEM nan te kontinye ap travay sou preparasyon kourikoulòm PE an. Pwofesè klas elemantè yo te pase yon tan ansanm pou yo revize inite elemantè yo epi pou yo bay yon fidbak nan mwa mas la. Kourikoulòm (oswa pwogram) segondè a pral prepare pwofesè lekòl entèmedyè ak segondè yo pou lekòl k ap fini pi bonè nan mwa me a.

Mete sou sa, nou te travay pou nou prepare n pou akademi ete a epi pou sipòte lekòl entèmedyè yo nan kreyasyon yon pwogram ete preliminè pou ede elèv yo prensipalman nan matematik, sa ki gen yon rapò ak mezi motivasyon ak oryantasyon a wo nivo eta a kanpe dèyè yo a.

Apranti Plizyè Lang

Depatman Apranti Plizyè lang (Multilingual Learner, MLL) la ap travay anpil pou l sipòte administratè lekòl yo ak bidjè yo pandan sezon bidjè ki plen travay sa a! Depatman an te rankontre ak chak grenn lekòl pou revize done ansanm ak pèsònèl travay la sou Apranti Plizyè Lang yo. Mete sou sa, depatman Apranti Plizyè Lang lan te rankontre ak Komite Bous Etid Natalia Rodriguez la nan lide pou egzaminen aplikasyon pou bous etid yo epi pou chwazi benefisyè pou 16yèm prim anyèl la.

Sant Familyal la ap prepare l pou premye aktivite "Say Yes to the Dress" k ap fèt semèn pwochen! Elèv dènye ane lekòl segondè yote vin enskri pou pwograme yon ti tan nan jounen an pou yo vin nan Sant Familyal la epi ale "achte" yon rad pou bal fen ane an. Nou vreman kontan pou n ede benefisyè bous etid yo chwazi yon wòb yo vle a!

Devlòpman Mendèv

Yo te prezante Espesyalis Inivèsite ak Karyè nou an nan Reyinyon Komisyon sou Edikasyon 23 avril lan, kote yo te mete aksan sou travay y ap fè ak elèv yo nan domèn Planifikasyon pou apre Lekòl Segondè epi nan domèn Devlòpman Mendèv.

Travay la ap kontinye nan Sibvansyon Career Z Challenge lan pandan ekip la patisipe nan kominote pratik la epi mete sou pye divès sesyon travay angwoup. Mwa sa a, nou konsantre sou Administrasyon Pwogram nan. Nou te patisipe nan sesyon travay angwoup la tou.

CT State Norwalk ansanm ak NPS te mete ansanm nan yon patenarya pou pote aktivite Peryòd Vakans yo a ki rele "College for Kids" (Inivèsite pou Timoun)! Done Career Pathway nou yo te bay bon sèvis nan objektif li ki se enfòmè CT State Norwalk ak patenarya nou an nan sa k gen pou wè ak kalite kou elèv lekòl entèmedyè nou yo ta pi enterese pran nan peryòd vakans ete sa a. Epi tou, kèk nan pwofesè NPS nou yo te vin antre nan ekip yo tou! Pou opòtinite sa yo ak plis toujou, tanpri ale sou www.norwalkps.org/careertraining. Enfòmasyon "College For Kids" la ap disponib nan espas Year-Round (Ane Konplè) nan.

Komite Sibvansyon Ekspansyon Kredi Doub la te kreye yon aplikasyon pou pwofesè yo epi pwofes1è yo deja kòmanse aplike. N ap aksepte aplikasyon ki kalifye yo pou pèmèt yo resevwa akreditasyon nan kad sibvansyon an. Nou te patisipe nan seminè anliy obligatwa sou Lyezon ak Kò Anseyan an epi sou Relasyon ak Pwofesè ki gen Kredi Doub yo.

Komite Planifikasyon First Book (Premye Liv) la sou bon chemen an epi devlòpman mendèv la konsantre sou rezèvasyon tab òganizasyon nou yo epi sou kreyasyon yon reklam piblisite pou aktivite an. Nou te patisipe nan Evènman Chanm Komès Norwalk la nan non NPS epi Pwogram Estaj NPS la kontinye pèmèt entelektyèl nou yo ale nan espas pou estaj yo.

Komite Sibvansyon Perkins lan rankontre de fwa pa semèn pou revize ak egzaminen finansman pou sezon Ete 2024 la. The Red Fashion School ap fè rezèvasyon pou eksperyans Lekòl Entèmedyè pou elèv Art Pathway nou yo.

Nou kreye yon komite konseye eskolè pou mwa jen an kote konseye eskolè yo pral ekri kourikoulòm pou devlòpman mendèv la. Nou te òganize yon Atelye Devlòpman Mendèv nan NHS ak P-TECH pou elèv klas siperyè yo epi nou te òganize yon vizit ak Virtual Academy (Akademi Vityèl) pou elèv nou gen nan Klas 10yèm rive 12yèm ane yo.

Konsèy/Sèvis Sipò

Yo te prezante Espesyalis Inivèsite ak Karyè nou an nan Reyinyon Komisyon sou Edikasyon 23 avril lan kote yo te mete aksan sou travay y ap fè ak elèv yo nan domèn Planifikasyon pou apre Lekòl Segondè epi nan domèn Devlopman Mendèv.

Rezo RISE la te rann nou vizit nan reyinyon Espesyalis Inivèsite ak Karyè nou an tou kote nou te revize done Tablobdò RISE yo. N ap kreye yon komite sante mantal ak byennèt ki baze sou konpreyansyon pou Klas jadendanfan rive nan 8yèm ane nan tout distri a epi Komite Prezans Distri nou an ap travay chak semèn pou revize done ak règleman prezans nan lòt distri eskolè yo.

Nou kreye yon komite konseye eskolè pou mwa jen an kote konseye eskolè yo pral ekri kourikoulòm pou aprantisaj sosyo-emosyonèl. Konseye Eskolè yo ap finalize pwogram High School Career Pathways (Chimen Karyè pou Elèv Segondè yo) pou klas 9yèm rive 11yèm ane yo, ki li menm gen yon verifikasyon k ap fèt ladan l nan moman an. Konseye Eskolè yo ap finalize seleksyon kou yo epi y ap kontinye rankontre ak elèv yo jan sa nesèsè a.

Pandan n ap prepare pou yon vizit Depatman Edikasyon Eta Connecticut la, nou ap travay sou Pwogramasyon Done DESSA ak pwogramasyon Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl (Social Emotional Learning, SEL) nou an pandan n ap mande Direktè yo bay fidbak SEL yo a. Travay la kontinye nan kad evalyasyon SHAPE la nan yon patenarya ak Child Health and Development Institute (Enstiti Devlopman Child Health la).

Aprantisaj Espesyalize

Sèvis Aprantisaj Espesyalize a te òganize yon reyinyon Soukomite Komisyon an nan jou lendi 29 avril la. Nou te pale sou pwosesis tranzisyon Birth of Three an epi sou egzijans pou elèv ki gen andikap yo resevwa sèvis FAPE yo apati laj twa zan. Nou te revize pwogram NPS pou klas preskolè yo epi 5 nouvo pwogram tranzisyon pou preskolè a pral louvri nan Fox Run nan ane eskolè 24-25 lan. Soukomite an te revize Ane Lekòl Pwolonje a (Extended School Year, ESY) tou, sa ki gen ladan l kijan yo detèminen yon elèv kapab patisipe nan ESY, kote ak lè ESY an ap fèt ane sa a epi chanjman pwogram pou ane sa a. Pou peryòd vakans ete sa a, akademi edikasyon jeneral pou ete a ap disponib kounye a pou klas jadendanfan rive nan 5yèm ane, pou tout elèv ka gen opòtinite prezan ak kanmarad edikasyon jeneral yo.

Depatman an te enplike nan planifikasyon pwosesis bidjè eskolè a (School-based budget, SBB) pou ane k ap vini an. Nou t ap patisipe nan reyinyon chak lekòl yo, pandan n ap revize alokasyon pou anplwaye yo epi pandan n ap asire n lekòl la prepare pou reponn ak bezwen elèv yo pou pwochen ane eskolè a.

Plizyè manm Depatman Aprantisaj Espesyalize yo pral ale nan Enstiti Nasyonal LRP a sou Pwoblèm Legal ki genyen nan koze Edikasyon Moun Andikape yo nan Savannah, Georgia, soti 5 rive 8 me 2024. Pandan twa jou sa yo, nou pral patisipe nan sesyon k ap fèt pou pale sou pi bon pratik ki baze sou evidans yo, jirispridans, ak konsèy sou konfòmite pou ede nan desèvi elèv ki gen andikap yo nan yon fason ki pi efikas. Nou kontan anpil pou n ale epi aprann valè bagay nou kapab.

SRBI

Nou te jwenn envitasyon pou n vini ann konferans Summitt la ansanm ak asosye nou Lexia. Lexia ede nan sipòte Fòmasyon Syans Lektik a ansanm ak LETRS. Konferans sa a te gen ladan l anpil distri eskolè nan kòt Ès la. Nou te travay ansanm pandan n t ap diskite sou kèk nan keyson ki pi enpòtan nan sa k gen pou wè ak pwoblèm nou gen nan lekòl yo pou ede elèv yo grandi.

Nou ap fini ane a tou avèk konferans fen ane an epi ak kèk obsèvasyon pou amelyorasyon anplwaye yo. N ap gen yon lòt jounen devlopman pwofesyonèl epi n ap sipòte elèv yo nan pwochen etap y ap pran an (sòti nan lekòl elemantè ale nan lekòl segondè).

Anplwaye yo fèk fini ak kèk nan referans fen ane yo epi n ap analize done pou kòmanse dènye sik WIN nou an pandan ane a. Evalyasyon DIBEL ak tèz eta yo ap fèt nan moman an, epi n ap asire tout plan elèv yo ap ajou.

DEVLOPMAN LIDÈCHIP

Mach Edikatif Distri a pou mwa Avril la

Nna mwa avril, nou te òganize twazyèm ak dènye mach edikatif distri nou an pou ane eskolè a. Te gen mach edikatif ki te fèt anvan sa a nan distri a nan mwa Oktòb ak Desanm. Pandan dènye mach edikatif sa a, lidè distri ak lekòl yo te vizite salklas nan sèt lekòl gras ak rechèch ansèyman nou yo. Soti nan mwa Oktòb rive Avril, prèv planifikasyon ki baze sou estanda yo te ogmante soti nan 54% rive nan 86% vizibilite. Se yon gwo amelyorasyon epi li reflekte yon angajman pataje pou planifikasyon yon eksperyans aprantisaj ki solid pou tout elèv yo. N ap remèsye dirijan lekòl nou yo pou efò aprantisaj pwofesyonèl yo nan domèn sa a!

Plan Evalyasyon Pwofesè yo pou ane 2024-2025 la

Ane pwochen, n ap lanse nouvo plan evalyasyon pou pwofesè ak administratè yo. Pou pwosesis evalyasyon pwofesè a, Komite Devlopman Pwofesyonèl ak Evalyasyon an (Professional Development and Evaluation Committee, PDEC) te chwazi Kad pou Ansèyman Danielson lan kòm ribrik yo dwe itilize. Yon pati nan reyinyon Direktè ak Direktè Adjwen pou mwa Me a (7 ak 8 me) ap fèt pou kòmanse devlope yon konpreyansyon pataje sou ribrik la. Mete sou lidè lekòl yo, Responsab Bildin yo ansanm ak Manm NFT yo ki ap sèvi nan PDEC yo ap resevwa envitasyon tou.

BIZNIS AK OPERASYON

Sèvis Manje



Vandredi 3 me, se Lunch Hero Day (Jounen Repa pou Ewo yo)! Yon kokennchenn mèsi pou tout anplwaye kafeterya nou yo ki travay di chak jou pou sèvi elèv nou yo manje ki sen epi ekilibre.

Semèn pase, Chartwells te òganize yon [Jounen Kizin Ponus STEAM](#) kote resèt ki te chanpyon an yo te prepare l ak sèvi l lekòl la nan dat 26 avril la.

Felisitasyon a Ekip Chana a! Pran plezi nou nan resèt chanpyon Dorian ak Dylan nan!



Smoothie Bike la ap fè mèvèy semèn sa a. Li ap kanpe nan Roton Middle School nan dat 1ye me epi ann Fox Run nan dat 2 me a. Asire w jwenn manje maten nan lekòl ou chak jou pou w ka jwenn [Golden Ticket](#) (Tikè Lò) lan anndan manje an pou w ka gen chans woule bekàn nan pandan moman manje midi a. Semèn pwochèn, bekàn nan ap woule pou l ale nan West Rocks nan jou madi 7 me a, epi nan Norwalk High nan jou 8 me a epi nan Silvermine nan 9 me.

Semèn sa a Pwogram Fwi ak Legim Fre nou an te sèvi rezen vèt, pwa vèt, ak gwayav byen gou. Men videyo nou yo Madmwazèl Kelly te poste yo:

[Aprann epi Goute: Pwa Vèt](#)

[Aprann epi Goute: Gwayav](#)

Semèn pwochè FFVP a pral sèvi yon popouri tomat ak fwi pitaraya tout moun fou pou li a ak yon bonis ji melon pou jounen an.

Etablisman

Konstriksyon yo ap kontinye fèt kote genyen yon demolisyon pati eksteryè nan South Norwalk School ak NHS/PTECH. Men kote ansyen Teren Testa a te ye anvan sa a:



Te gen yon gwo van pwogrè nan Cranbury. Gade nouvo teren tenis yo:



Men kèk foto ak enfòmasyon anplis nan nouvel sou Konstriksyon Pou Mwa Avril nan Lekòl la:

[Nouvel sou Konstriksyon Pou Mwa Avril nan Lekòl la](#)

Nan Sant Familyal la, n ap fè dènje chanjman yo pou pwojè renovasyon Sèvis Sante Kominotè a.

Pou n prepare n pou nou retire rezèwa gaz ki anba tè nou gen nan Brookside ak Tracey yo, epi pou n jere asenisman Fox Run nan, gen yon aplikasyon pou ranbousman eta a n ap soumèt, epi sou bò pa l, Salamone Associates te kòmanse jere konsepsyon pwojè sa yo.

Klas Montessori Brookside la ap fèt nan C9. Nou pral transfòme l an yon salklas Montessori epi Gill and Gill te prepare plan konstriksyon ki deja nan pwosesis revizyon Depatman Konstriksyon an. Sa a se yon lòt nan pwojè ete nou yo.


Nou ap prepare n tou pou n ranplase planche nan kafeterya Rowayton nan. Planche ki genyen kounye a te separe epi li te vin dekale nan plizyè kote epi li gen bezwen yon ranplasman pou mete yon sòl an beton ak yon kouch LVT sou tè li. Gill and Gill te prepare plan konstriksyon ki deja nan pwosesis revizyon Depatman Konstriksyon an.

Gen plizyè lòt pwojè pandan peryòd ete a, tankou nouvo pòt sèn nan Naramake, Tracey ak Marvin. CRF Interior Systems ap pral fè konsepsyon ranplasman yo.

Finalman, nou deja ap planifye pou ranplase kazye a lòk Roton yo. Nou pral ranplase kazye a lòk elèv yo epi n ap mete yon kazye ki pi laj, tout sa nan de faz.

Gen anpil lòt pwojè pou peryòd ete a nou pral kontinye fè BOE konnen apwopo yo pandan semèn k ap vini yo.

Transpò



Nou pati! Tcheke dènye kote nou gen tablo afichaj pou piblisite nou yo nan tout vil la nan kad kanpay anplwa Durham lan.... Ki kote w ap remake afich la ankò??

[Seaview Avenue](#)

[Westport Avenue](#)

Sèvis Sante




Sèvis Sante Lekòl la kontinye kolabore avèk The Norwalk Partnership; enfimye yo pral patisipe nan yon diskisyon annaswè ak paranelèv ki nan pwogram ASPIRE yo pou pale sou divès sijè konsènan devlopman timoun ak adolesan.

Sekirite Lekòl la

Sipèvizè Sekirite a te rankontre ak Komisarya Polis Norwalk lan epi ak Administrasyon Brien McMahon pou revize epi finalize Plan Sekirite pou gradyasyon First Book ak BMHS lan. Plan sa yo gen ladan yo pwotokòl entkvansyon pou ijans, moun yo anplwaye pou sekirite, ansanm ak yon prezans NPD, NFD ak EMS pandan aktivite yo.

Sibvansyon

FY24 All Fund Revised Budget



Ekip sibvansyon an ap kontinye travay ak lekòl yo pou konkli sibvansyon FY24 la nan lide pou yo prepare pou odit fen ane nou an. N ap kontinye travay nou pandwa n ap rankontre ak chak lekòl pou nou planifye nan yon fason estratejik sou bezwen ak opòtinite finansman FY25 yo. Dènyèman, nou te prezante nan [reyinyon Konsèy Edikasyon 23 avril](#) la epi nou te fè konnen Lekòl Piblik Norwalk la te resevwa \$6,380,885.00 nan sibvansyon konpetitif pou sipòte divès inisyativ ki ann akò ak Plan Estratejik Distri a.

APRANTISAJ NIMERIK AK TEKNOLOJI

Lojisyèl Antrepriz/Done

Responsab Batiman yo te resevwa dènye rapò sou itilizasyon aplikasyon yo pou yo revize. Rapò sa yo pral ede responsab yo detèmine akò renouvèlman lojisyèl espesifik lekòl yo pou ane akademik 2024-2025 lan.

Nan kad yon kolaborasyon ak manadjè SIS nou an, nou te kreye yon modil jesyon aparèy nan platfòm PowerSchool la. Nou kontinye rafine konfigirasyon an, nou kontinye ap amelyore suivi aparèy la, mizajou estati yo, ak jesyon jeneral gras avèk modil sa a, kote nou vize sipòte jesyon done pou aparèy anplwaye ak elèv yo.

Enfrazstrikti/Operasyon

Nouvo sistèm defans nou an te apwouve, epi y ap tante fè enstalasyon an nan mwa jen an. Sistèm defans sa yo genyen ladan yo yon amelyorasyon pisans tretman ak yon kapasite bann pasan ki ogmanmte, sa ki pral ranfòse sekirite rezo nou an.

Enstalasyon Enfrazstrikti Biwo Vityèl (Virtual Desktop Infrastructure, VDI) la ap pwogrese. Teknoloji sa a pral pèmèt elèv yo gen yon anviwònman sekirize pou aprann kode, sitou nan pwogram tankou PTECH Norwalk. Nou pwograme pou n kòmanse tès yo nan semèn k ap vini an, apre sa ap gen yon faz pilòt kote ap gen diferan gwoup elèv k ap patisipe.



Nan moman an la, n ap evalye nouvo sistèm eskanè pou imèl Entèlijans Atifisyèl yo nan lide pou n detèmine si yo ap depase solisyon aktyèl nou nan kesyon jesyon menas sekirite yo.

Aprantisaj Nimerik

16 avril se Jounen Nasyonal Responsab Bibliyotèk yo; tanpri sonje remèsye responsab bibliyotèk lokal ou a. Mete sou sa a, Avril se Mwa Nasyonal Bibliyotèk, yon moman pou selebre Espesyalis Medya Bibliyotèk ou yo pandan tout mwa a.

Lisa Marsillio, ki se Espesyalis Medya Bibliyotèk nan Ponus Ridge Middle School, ap kolabore ansanm ak Ridgefield School pou angaje elèv yo nan yon klèb liv vityèl. Inisyativ sa a vize debouche sou yon reyinyon an pèsòn, epi pou l ankouraje plis entèraksyon pami elèv yo.

Dan Wabno, Jodi Nathanson ak Stefanie Dean te pran 2 klas Fox Run pou elèv senkyèm ane nan CT State Community College-Norwalk pou yo aprann kijan pou itilize ekipman nan sant medya a. Elèv yo te aprann kijan pou yo kapab vin prezantatè, operatè kamera, ak teknisyen emisyon pou konekte ak Fox Run Digital Media Pathway la.



Yo gwo remèsiman ak Maria Naughton pou travay li te fè avèk Juan Carlos Arango epi ak Rosana Lindoro nan Depatman Lang Mondyal NHS la. Maria ap ap demontre fason pou itilize Canva kòm yon zouti prezantasyon epi li ap fè tout fason pou elèv yo kapab kreye yon pòtfolyo dijital ki gen ladan l tout travay yo.

FINANS

Bidjè

Ekip Bidjè a te fè pwogrè nan òganize reyinyon sou Bidjè Lekòl la pou ane fiskal k ap vini an. Jiska jodi a, nou te rive fè reyinyon ofisyèl pou lekòl non yo site pi ba a:

- Brien McMahon High School
- Nathan Hale Middle School
- Ponus Ridge STEAM Academy
- Roton Middle School
- West Rocks Middle School
- Brookside Elementary School
- South Norwalk Elementary School
- Fox Run Elementary School
- Kendall College and Career Academy

- Marvin Elementary School
- Naramake Elementary School
- Rowayton Elementary School
- Silvermine Dual Language Magnet School
- Tracey Magnet School
- Wolfpit Integrated Arts School

Nou toujou genyen reyinyon yo ki annatant ak lekòl ki rete yo, kote yo menm, yo pwograme pou pran plas nan dat 10 me.

Acha

Aprè nou fin rankontre ak reprezantan Meri Norwalk epi ak founisè enèji gaz natirèl nou an pou nou revize akò apwovizyonman aktyèl la, nou te kapab fikse yon garanti sou pri gaz natirèl la gras ak yon rediksyon 35% pou Ane Fiskal 2025 lan.

Demann Pwopozisyon (oswa Request for Proposal, RFP) Konpayi Jesyon Sèvis Manje a, te pibliye nan dat 19 avril. Yon konferans obligatwa pou pre-pwopozisyon pou kandida ki entèrese yo te fèt nan jou lendi, 29 avril la. Nou ap revize kesyon yo epi n ap poste repons yo pou tout moun ka klè epi pou yo fè pwopozisyon yo ansanm.